



Pou Piblikasyon Imedya: 27/03/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO MANDE POU DRAPÒ FLOTE A DEMI MA POU ONORE MANM PATWOUY ETA A

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke drapo yo sou bilding gouvènman yo pral flote a demi ma pou onore Manm Patwouy Eta a, Joseph Gallagher, ki te mouri akòz blesi li te sibi twa ane de sa lè yon veyikil te frape li pandan li te an sèvis ap ede yon otomobilis ki andikape. Drapo yo pral flote a demi ma apati dimanch epi jiska antèman an.

"Manm Patwouy Gallagher se yon ewo pou tout Nouyòkè yo — li te devwe lavi li ak sèvis piblik epi te travay pou kenbe nou an sekirite", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Lanmò trajik li se yon rapèl aksyon dezenterese anpil sekouris brav poze chak jou. Nou p ap janm bliye li, epi pou onore memwa li, mwen bay enstriksyon pou drapo yo flote a demi ma pou onore memwa li."

Manm Patwouy Gallagher se te yon manm Lapolis Eta a depi 2014, epi yo te afekte li anvan sa nan Twoup F ak Twoup T. Dènye fwa a yo te afekte li nan SP Brentwood. Li kite nan dèy madanm, de timoun, paran, sè ak frè li yo.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)